



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV GLOBAL POU VIZE MÒTALITE  
MATÈNÈL EPI REDWI INEGALITE RASYAL YO NAN REZILTA YO**

***Etabli Fòs Entèvansyon sou Mòtalite Matènèl ak Rezilta Rasyal Ki Diferan yo***

***Elaji Aksè a Swen Perinatal, Ki Gen Ladan Pilòt pou Elaji Kouvèti Medicaid pou  
Fanm Saj yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon inisyativ global pou vize mòtalite matènèl epi redwi inegalite rasyal yo nan rezilta sante yo, ajoute sou angajman Eta a pou abòde mòtalite matènèl atravè eta a. Inisyativ sou divès fasèt lan gen ladan efò pou revize epi abòde pi byen mòbidite ak lanmò matènèl ak yon fokis sou inegalite rasyal yo, elaji sansibilizasyon nan kominote a, epi pran nouvel mezi pou ogmante aksè a swen prenatal ak perinatal, ki gen ladan etablisman yon ekspansyon pilòt kouvèti Medicaid pou fanm saj yo.

“Mòtalite matènèl pa ta dwe yon laperèz ke nenpòt moun New York ta dwe fè fas a li nan 21èm syèk lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap pran mezi ki agresif pou kapab kraze baryè yo ki ap anpeche fanm yo jwenn swen prenatal ak enfòmasyon ke yo bezwen. Inisyativ global sa pral travay pou korije inegalite rasyal inakseptab yo nan mòtalite matènèl epi ede asire yon New York ki pi an sante epi pi djanm pou tout moun.”

Inisyativ lan ap ajoute sou angajman Gouvènè Cuomo te pran nan redwi mòtalite matènèl yo epi abòde inegalite rasyal yo. Pandan ke Eta New York te fè amelyorasyon nan redwi nivo mòtalite matènèl yo depi an 2010, kote li te klase 46èm nan nasyon an pou nivo mòtalite ki pi ba, eta a toujou klase 30èm nan nasyon an. An plis de sa, inegalite rasyal yo pèsiste, pliske fanm ki nwa yo gen prèske kat fwa pi plis pwobabilite sou plan nasyonal pou mouri nan akouchman ke fanm ki blanch yo ak twa fwa pi plis nan New York. Rechèch yo montre ke nan Vil New York fanm ki nwa ki edike anpil yo toujou sibi pi mal yon fason konsiderab ke fanm blanch yo ki gen mwens ke yon diplòm lekòl segondè.

Pou kapab kontinye vize mòtalite matènèl epi redwi inegalite rasyal yo nan rezilta sante yo, Gouvènè an ap lanse inisyativ nou pral site la yo:

**Kreye Fòs Entèvansyon sou Mòtalite Matènèl ak Rezilta Rasyal ki Diferan yo:** Fòs entèvansyon an pral bay avi politik ekspè sou amelyorasyon rezilta matènèl yo, abòde inegalite rasyal ak ekonomik yo epi redwi frekans mòbidite ak mòtalite matènèl nan Eta New York. Fòs entèvansyon an pral gen ladan OB-GYN yo, reprezantan lopital yo, Sekretè Gouvènè a, ak Prezidan Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York lan (New York State Council on Women and Girls) Melissa DeRosa, Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul, Defansè Piblik Vil New York lan Letitia James ak moun yo nonmen ki soti nan Lidè Demokratik Sena a Andrea Stewart-Cousins, Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie, Lidè Majorite Sena a John Flanagan ak Lidè Minorite Asanble a Brian Kolb, menm jan ak lòt pati ki konsène yo ak manm ki nan kominote a. Fòs entèvansyon an pral dirije pa:

- Doktè Howard Zucker, Komisè, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York
- Sascha James-Conterelli, DNP, CNM, LM, Prezidan Asosiyasyon Fanm Saj ki Gen Lisans nan New York (New York Association of Licensed Midwives)
- Danielle Laraque-Arena, MD, FAAP- Prezidan SUNY Upstate
- Wendy Wilcox, MD, MPH, Prezidan, Depatman Obstetrik ak Jinekoloji, NYC Health and Hospitals, Konte Kings

**Mete sou Pye Konsèy Revizyon Mòtalite Matènèl la (Maternal Mortality Review Board):** Sou rekòmandasyon Konsèy sou Fanm ak Fi yo ke Gouvènè a te mete sou pye, Gouvènè an pral òdone Depatman Sante a pou li etabli Konsèy Revizyon Mòtalite Matènèl la, ki konpoze ak pwofesyonèl sante yo ki ap bay sèvis ak/oswa ki se reprezantan divèsite fanm yo ak manman yo ki atravè eta a, pou travay an kolaborasyon ak Inivèsite Obstetisyen ak Jinekòlòg Ameriken an (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG) ak Vil New York pou revize chak lanmò matènèl nan Eta New York. Komite a pral responsab tou pou kreye rekòmandasyon politik pou DOH pou kapab amelyore rezilta matènèl yo apati rediksyon mòbidite ak mòtalite matènèl yo, epi rekòmandasyon yo pral espesifikman kontanple inegalite rasyal ak ekonomik yo.

**Lanse Somè sou Pi Bon Pratik yo ak Lopital yo ak OB-GYN yo:** Gouvènè an pral lanse yon somè ak Asosiyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association), Asosiyasyon Swen Sante nan Eta New York (Healthcare Association of New York State, HANYS), ACOG, ak lòt pati ki konsène yo pou diskite sou pwoblèm mòbidite ak mòtalite matènèl, ki gen ladan inegalite rasyal yo. Somè a pral abòde estatistik yo, pi bon pratik, atansyon kominote a, pwogram eskolè lekòl medikal, metriz nan edikasyon medikal, ak fòmasyon pou doktè praktisyen, ak objektif pou mete sou pye mezi imedya yo epi idantifye atik aksyon fiti yo pou amelyore jesyon ak swen matènèl.

**Pilote Ekspansyon Kouvèti Medicaid pou Fanm Saj yo (“Doulas”):** DOH pral pilote ekspansyon kouvèti Medicaid pou fanm saj yo. Fanm saj yo se antrenè akouchman ki pa medikal ki ap ede yon fanm anvan, pandan, oswa apre akouchman an si sa nesèsè. Fanm saj ki sètifye yo te montre ke yo ogmante rezilta sante ki pozitif yo, ki gen ladan rediksyon konplikasyon nan akouchman yo pou manman an ak ti bebe an.

**Sipòte Demonstrasyon Gwosès ki Santre yo (Centering Pregnancy):** New York pral ogmante sipò pou yon pwogram ki similè a fanm saj yo ki te enkli nan inisyativ “1,000 Premye Jou nan Lavi yo” (First 1,000 Days of Life) nan dikou Eta Leta Gouvènè an, ke yo konnen sou non gwosès ki santre. Pwogram lan elabore pou ranfòse rezilta gwosès yo atravè yon konbinezon ant edikasyon prenatal ak sipò sosyal, epi li te asosye ak frekans ki redwi pou nesans prematire ak nesans ak ti pwa yo, redwi frekans dyabèt jestasyonèl ak depresyon pòsnatal, nivo alètman ki pi wo ak pi bon espas ant gwosès yo. Gwosès ki santre te demontre tou ke yo diminye inegalite nan nivo nesans prematire yo ant fanm ki nwa ak fanm ki blanch yo.

### **Egzije Edikasyon Medikal Ki Ap Kontinye ak Devlopman Pwogram**

**Eskolè:** Gouvènè an pral mande Komite Eta a pou Medsin lan (State Board for Medicine) pou li egzije praktisyen ki apwopriye yo pou yo patisipe nan edikasyon medikal ki ap kontinye sou mòbidite/mòtalite matènèl yo ak rezilta rasyal ki diferan. An plis, DOH pral travay ansanm ak lekòl medikal yo, ki enkli kat lekòl medikal SUNY, pou konstwi materyèl sou mòbidite/mòtalite matènèl ak rezilta rasyal ki diferan yo nan pwogram eskolè lekòl medikal yo, metriz nan edikasyon medikal, ak fòmasyon pou doktè ki ap pratike yo.

**Elaji Kolaboratif Kalite Perinatal Eta New York lan (New York State Perinatal Quality Collaborative):** Eta a pral elaji kolaborasyon li ak lopital yo ki atravè Eta New York pou kapab revize pi bon pratik yo pou abòde emoraji a, epi mete sou pye nouèl liy direktris klinik yo pou redwi mòtalite matènèl. Deja plis pase 70 lopital angaje volontèman nan efò sa.

**Lanse Sesyon Ekout Komisè yo:** Komisè Zucker pral fè patenarya ak aktivis ki nan kominote yo pou vizite zòn ki an gwo danje yo atravè eta a pou kapab koute pati ki konsène sou plan lokal yo, ki gen ladan fanm ki ansent yo. Sesyon ekout yo pral eksplòre baryè ke fanm yo ap fè fas a yo ki fè li difisil pou jwenn swen prenatal regilye menm jan ak diskite sou estrateji yo pou ogmante pi plis atansyon sou siy ak sentom preyeklanpi yo ak lòt koz mòbidite ak mòtalite matènèl yo.

**Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare,** “Pa gen pi gwo prim ke pou yon moun vin yon manman. Pandan ke New York te fè pwogrè pou asire ke tout fanm yo gen aksè a bon jan kalite swen sante ki a pri abòdab pou anpeche mòtalite matènèl, yon gwo inegalite rasyal toujou egziste e ki bezwen solisyon ki kreyatif ak mezi enteresan. Se yon grav enjistis dèske isit la nan Eta New York fanm ki nwa yo gen kat fwa plis pwobabilite pou yo mouri pandan akouchman yo ke nenpòt fanm blanch, ap menm pi gwo inegalite ke nan lòt eta yo. Plan nou an pral ede sove lavi epi elaji aksè a swen matènèl yo, ki enkli itilizasyon fanm saj yo pou ede konseye yo pandan gwosès lan, pou ke tout manman New York yo kèlkeswa ras yo gen menm opòtinite pou viv an sante pandan lontan”.

**Komisè DOH Dtè Zucker te deklare,** “Eksperyans akouchman an li alafwa esansyèlman eksitan epi efreyan. Enkyetid konsènan tretman ki jis, bon jan kalite swen, ansanm ak sivi manman an pa ta dwe fè pati de eksperyans sa. Inisyativ ke Gouvènè Cuomo te anonse jodi a pou redwi mòbidite ak mòtalite matènèl pou tout fanm yo pral kòmanse abòde pwoblèm yo ki ap lakòz fanm ki nwa yo soufri de konsekans sante ki negatif yon fason ki dispwopòsyone pandan ke y’ap akouche”.

**Sascha James-Conterelli, DNP, CNM, LM, Prezidan Asosiyasyon Fanm Saj ki Gen Lisans nan New York, te deklare,** “Yon Fòs Entèvansyon pou Mòtalite Matènèl (Maternal Mortality Task Force) sa pral yon inisyativ ki esansyèl pou konplemanje lòt efò yo ki ap fèt atravè eta a pou abòde mòtalite matènèl ak inegalite atravè eta a”.

**Wendy Wilcox, MD, MPH, Prezidan, Depatman Obstetrik ak Jinekoloji, NYC Health and Hospitals, Konte Kings, te deklare,** “Antan ke yon OB-GYN ki te dedike karyè mwen nan bay swen sante pou fanm yo ki nan Eta New York, mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li etabli fòs entèvansyon sa pou kapab kreye solisyon ki konkrè pou kapab redwi mòtalite matènèl, menm jan ak inegalite rasyal konsiderab yo ki genyen nan mòbidite ak mòtalite matènèl pou manman New York yo. Mwen onore pou mwen travay ansanm ak Doktè Zucker ak kòlèg mwen yo ki atravè eta a pou konsantre sou ekite sante ak eliminasyon inegalite rasyal yo nan sante matènèl”.

**Bea Grause, Prezidan Asosiyasyon Swen Sante nan Eta New York lan, te deklare,** “HANYS apresye atansyon Gouvènè an pote sou pwoblèm sa ki enpòtan anpil la. Anpil konpozan nan plan sa yo baze sou evidans, oryante pa ekip epi yo gen gwo sipò atravè kominote swen sante a. Mwen espere travay ansanm ak administrasyon an pou redwi inegalite nan sante yo, epi asire ke fanm ki ansent yo ak nouvo manman yo gen aksè ki fyab a pi bon kalite swen yo”.

**Iffath Abbasi Hoskins, MD, FACOG, Prezidan, Distrik II ACOG a te deklare,** “Pandan ke inegalite rasyal yo nan mòtalite matènèl yo kontinye rete nan nivo ki wo yon nivo inakseptab, Distrik II ACOG rete pare pou fè patenarya ak Gouvènè Cuomo, Fòs Entèvansyon sa ansanm ak Konsèy Revizyon Mòtalite Matènèl la pou kapab dekouvri koz inegalite rasyal yo epi pou idantifye nouvo estrateji pou prevansyon lanmò matènèl yo nan lopital ak kominote yo ki atravè Eta New York. Depi an 2013, Inisyativ ‘Safe Motherhood’ nan Distrik II ACOG an te travay ak founisè ak lopital yo ki atravè eta a pou kapab estandarize pi bon pratik klinik yo pou redwi konplikasyon ak lanmò matènèl yo. Pandan ke founisè swen sante pou fanm yo, ACOG angaje nan kreye yon sistèm swen sante ki ekite ki ap bay sèvis a tout fanm yo, epi nou remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li leve pwoblèm enpòtan sa”.

**Prezidan Asosiyasyon Lopital Greater New York, Kenneth E. Raske, te deklare,** “Lopital New York yo konsène yon fason ekstrayòdinè sou mòtalite matènèl yo epi yo ap travay sou divès fasèt pou abòde li. Sepandan, inisyativ sou divès fasèt ki ap fèt pa Gouvènè Cuomo an sa ofri nouvo lespwa, epi nou angaje nan travay ansanm ak Eta a pou akonpli rediksyon materyèl nan mòtalite matènèl. Nou aplodi Gouvènè an poutèt lidèchip li sou pwoblèm sa ki enpòtan anpil la”.

#### Komite Revizyon Mòtalite Matènèl la

Komite Revizyon Mòtalite Matènèl DOH la, ke yo te etabli an 2010, ap reyalize yon egzaminasyon global sou mòtalite matènèl ki baze sou popilasyon an, pou kapab detèmine tandans yo ak tan ki ap pase. Komite a rekòmande domèn pou yo konsantre sou yo pou edikasyon ak materyèl pou itilize nan bon jan kalite efò amelyorasyon yo.

DOH ap pwomouvwa tou Bon Swen pou Fanm (Well Woman Care) atravè kanpay “Chak Fanm, Chak Fwa” (Every Woman, Every Time) lan, ki ap mande founisè swen sante yo pou mande tout pasyan feminen yo ki nan laj repwodiktif yo, “Èske ou ta renmen vin tonbe ansent nan pwochèn ane a?” Apwòch pwoyektiv sa kòmanse ak yon konvèsasyon sou preparasyon pou yon gwosès an sante, espesyalman pou fanm yo ki gen kondisyon kwonik ki mete yo plis an danje pou gen konplikasyon pandan gwosès yo. Pou fanm ki pa gen plan tonbe ansent yo, li inisye yon konvèsasyon sou kontrasepsyon.

Depatman an te etabli Patenarya pou Sante Matènèl (Partnership for Maternal Health, PMH), pou pwomouvwa ekite nan rezilta sante matènèl yo nan popilasyon ki an danje yo, pou kapab redwi inegalite etnik ak ekonomik yo, epi mete fen nan mòbidite ak mòtalite ke yo ka evite nan Eta a. Sa se yon kolaborasyon pami òganizasyon sante piblik yo, sosyete pwofesyonèl yo, asosiyasyon lopital yo, ak founisè yo. PMH lan gen yon seminè pou kontinye ak kredi edikasyon yo sou Bon Swen pou Fanm ki vize tout founisè swen sante yo ki ap devlope.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)